

AMATEGEKO AJANYE N'ISUKU HAMWE N'ISENGESHO



جمعية الدعوة بالزلفي

جمعية الدعوة والإرشاد ونوعية الجاليات بالزلفي

هاتف: 016 4234466 - فاكس: 016 4234477

359

ISUKU N'ISENGESHO

الطهارة والصلاة - بوروندي



جمعية الدعوة والإرشاد ونوعية الجاليات بالزلفي

هاتف: 016 4234466 - فاكس: 016 4234477

الطهارة والصلاة

أعدّه وترجمه إلى اللغة البوروندية

جمعية الدعوة والإرشاد وتوعية الجاليات بالزلفي

الطبعة الأولى: ٠٢ / ١٤٤٨ هـ.

Urutonde rw'ibirimwo

AMATEGEKO AJANYE N'ISUKU	5
Ubwoko bw'ibintu vyanduye:	7
Amwe mu mategeko ajanye n'ibintu vyanduye:	8
Ukwituma umwanda	9
UGUFATA ISUKU.....	10
Uburyo bwo gufata isuku:.....	11
Guhanagura ku mashesheti:	13
Ibintu vyonona isuku:	14
Ukwoga	14
Ibintu uwufise ijanaba abujijwe gukora:.....	15
Ukwisukuza umusenyi/ivu (Ugutayamamu):	16
Ubutinyanka n'ikiriri:	18
AMATEGEKO AJANYE	20
N'ISENGESHO.....	20
Mu bintu bihambaye bijanye n'isengesho ni ibi	
bikurikira:	22
Imyanya y'isengesho:	24
Ibibanza bitabereye gusengeramwo	25

Uburyo bwo gusenga:	26
Ukuninahaza Allah inyuma y'isengesho:	32
Uwacerewe kw'isengesho:	33
Ibintu vyonona isengesho:.....	34
Ibintu vya ngombwa mw'isengesho (waajibaatu):	34
Inkingi z'isengesho:	35
Ukwibagira mw'isengesho:	35
Amasengesho y'inyongera yiheka kuy'itegeko:	37
Isengesho rya Witri:.....	38
Iraka zibiri za Al-Fajri:	40
Isengesho rya Dwuhaa :.....	41
Imyanya kibujijwe gusenga :	42

ISUKU N'ISENGESHO**الطهارة والصلاة****AMATEGEKO AJANYE N'ISUKU****Ibintu bisukuye n'ivyanduye:**

Ibintu vyanduye (najsi): ni birya umwislamu ategerezwa kwiwigiza kure navyo, kandi akabwirizwa gusukura mu kwoza aho vyagiye. Ni itegeko gusukura impuzu hamwe n'umubiri mu gihe vyagiye ikintu canduye gushika kibivuyeko. Ico kintu kibaye kigaragara, nk'akarorero k'amaraso y'ubutinyanka, hama inyuma yo kugisukura hakagira ibisigarira vyaco bigoye kuvako, ivyo ntaco vyonona kw'isuku.

Nayo ico kintu canduye kibaye kitagaragara aho cagiye, umuntu asabwa kugisukura gushika kivuyeho, naho coba covako mu kucoza incuro imwe gusa.

Ku bijanye n'ubutaka, iyo bwagiye ikintu canduye, tubusukura mu gusuka amazi ahagiye ico kintu. Ni nako kandi busukuka mu kwuma kwabwo mu gihe ico cagiye kiri amazimazi, nka kurya kw'umwanda muto. Nayo kibaye ari ikintu kigumye, nka kurya

kw'umwanda mukuru, ubutaka ntibusukuka kiretse ku kugikuraho.

Hama hakoreshwa amazi mukwisukura no gukuraho ivyanduye. Ayo mazi nayo ni nk'akarorero: amazi y'imvura, amazi y'ibahari, n'ayandi. Biremewe kandi gukoresha amazi yakoreshejwe ariko atahindutse, co kimwe n'amazi yagiyemwo ikintu gisukuye akaguma kuri kamere kayo ntigihindure uburanga bwayo bw'amazi. Nayo avanganye n'ikintu gisukuye kigahindura uburanga bwayo bw'amazi, ntivyemewe kuyakoresha mu kwisukura. Ntibinemewe kandi gukoresha amazi yavanganye n'ikintu canduye (najsi), mugihe ico kintu catumye amazi ahindura **akanovera** kayo canke **akamoto** kayo canke **irangi** ryayo. Nayo habaye ata na kimwe cahindutse muri ivyo, biremewe kuyakoresha mu kwisukura nk'uko vyemejwe.

Biremewe kandi gukoresha amazi yasigaye mucombo inyuma yo kukinyweramwo, kiretse ayasigajwe n'imbwa canke ingurube, ayo aba yanduye (aba yabaye najsi).

Ubwoko bw'ibintu vyanduye:

Ibintu vyanduye bisohokera munzira zibiri, iy'imbere n'iy'inyuma ku muntu, biri ubwoko butandukanye.

Muri bwo harimwo:

- a. Umwanda muto n'umwanda mukuru;
 - b. Wadiy: navyo ni amazimazi yeragurika asohoka mubwambure bw'imbere akurikira umwanda muto;
 - c. Madhiy: navyo ni amazimazi yera arenduka asohoka mubwambure bw'imbere inyuma y'uguhwama kw'igitsina umuntu yari yipfuye kurangura amabanga y'abubatse hama ntibibe;
 - d. Intanga: zozo ziri mubisukuye, ariko birabereye kwoza aho zagiye zibaye zigikanye no guharagata aho zagiye zibaye zamaze kwuma;
 - e. Umwanda muto n'amase y'igitungwa kitaribwa inyama. Nayo umwanda muto n'amase y'ikiribwa inyama vyovyo ntivyanduye (si najsi). Ivyo vyose vyanduye vyavuzwe ngaho bibwirizwa kwozwa no gukuraho ivyoba vyagiye ku mubiri canke impuzu kiretse intanga.
 - f. Amaraso y'ubutinyanka n'ay'ikiriri.
- Kubijanye na Madhiy, bibaye vyagiye ku mpuzu, mukubisukura tunyunyagiza amazi aho vyagiye.

Amwe mu mategeko ajanye n'ibintu vyanduye:

1. Igihe umuntu yashikiwe n'ikintu atazi neza ko ari icanduye canke atari co, ntategerezwa kucijijanyako imitima, ntanategerezwa kugisukura. Afata ko gisukuye kuko imvo n'imvano ya buri kintu n'uko kiba gisukuye;
2. Umuntu ahejeje gusenga agaca abona ku mubiri wiwe canke ku mpuzu yiwe ikintu canduye atari azi ko kiriko, canke akaba yari akizi ariko akaba yari yaciye avyibagira akavyibuka ahejeje gusenga, isengesho ryiwe riremewe twisunze imvugo yizewe;
3. Umuntu atazomenya neza ahagiyeko icanduye (najsi) ku mpuzu yiwe canke ahandi, asabwa guca asukura aho hose yizeye neza ko ico canduye cagiyeko, kubera icanduye kiragaragara, gifise irangi ryaco, canke akanovera kaco, canke akamoto kaco. Kibaye naho cagiyeko ariko akaba ata nahamwe ashobora kubona cagiyeko, aca asabwa gusukura impuzu yose.

Ukwituma umwanda

Ibiranga urupfasoni rwo kwituma umwanda ni ibi bikurikira:

1. Gutanguza ukugru kw'ibibamfu no kuvuga igisabisho (iduwa) c'imbere yo kwinjira mu kazu ka sugumwe: (**Bismillahi, Allahumma innii a'uudhu bika minal khubuthi wal khabaa-ithi**), asohotse naho akavuga igisabisho co gusohoka: (**Ghuf-raanaka**), agasohoka atanguje ukuguru kw'ibiryoy;
2. Kirabujijwe kwinjirana mu kazu ka sugumwe ikintu kiriko amajambo ya Allah, kiretse k'uwubaye atinya ko comutakarana mugihe yogisiga hanze;
3. Kirabujijwe kuraba Qibla canke kuyiha umugongo igihe co kwituma mu bugaragwa. Ariko abaye ari akazu ka sugumwe kubakiye, biremewe kuyiha umugongo vyo nyene atari kuyiraba;
4. Guhisha ubwambure abantu ntibakubone no kutavyirengagiza, hama ubwambure bw'umugabo ni kuva ku mukondo gushika ku mavi. Nayo umukenyezi, umubiri wiwe wose ni ubwambure, abwirizwa kuwuhisha;
5. Kwirinda gutarukirwako n'umwanda muto canke mukuru ku mubiri canke ku mpuzu;
6. Kwisukuza amazi inyuma yo kwituma, canke gukoresha umuswaro (agatambara koroshe) canke ibinonko n'ibisa navyo ku gukuraho

ibisigarira vy'icanduye (najsi). Bisabwa gukoresha ukuboko kw'ibubamfu mu kwisukura.

UGUFATA ISUKU

Isengesho ntiryemerwa umuntu yarisenze ata suku afise. Bikomotse kwa Abu Hurayrah (Imana Allah Imwishimire, bivuye ku Ntumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Mu vy'ukuri, Allah ntiyemera isengesho ry'umwe muri mwebwe mugihe yataye isuku kiretse abanje kwisukura)) [Yahuriyweko na Bukharin a Muslim: 6954, 225]. Ni nako kandi ari itegeko gutondekanya ibihimba no kugirako gushika uhejeje mugihe co gufata isuku.

Ugufata isuku bifise agaciro kanini bisabwa ko umuntu yamiza kumuzirikanyi. Muri vyo harimwo: inyigisho yakiriwe na 'Uthmani mwene 'Affan (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Urya wese azofata isuku akariryohora, ibicumuro vyawe bizohunguruka biva ku mubiri wiwe gushika no musi y'inzara ziwe)) [Yakiriwe na Muslim: 245].


Bikomotse kuri we kandi yaravuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Urya wese azokwiza isuku neza nka kurya Imana Allah Nyen'Ubweranda yabitegetse, amasengesho y'itegeko azomutuma ababariwa ibicumuro (bito bito) vyo hagati yayo)) [Yakiriwe na Muslim: 231]

Uburyo bwo gufata isuku:

1. Umuntu ashira umuzirikanyi wo gufata isuku ku mutima wiwe atavyatuye n'ururimi. Umuzirikanyi nawo (iniya) ni icemezo co ku mutima co gukora ikintu kanaka. Hama agaca avuga mu gutangura ati : ((**Bismillah**);
2. Hama aca akaraba ibiganza vyawe bibiri incuro zitu (X3);
3. Hanyuma akiyugumura akongera akaduza amazi mu zuru no kuyasohora incuro zitu (X3);
4. Hama aca yiyuhgira mumaso incuro zitu (X3), kuva ku gutwi gushika ku kundi mu bwaguke, no kuva mw'imerero ry'imishatsi mu ruhanga gushika hepfo ku gisakanwa mu burebure;
5. Aca yoza amaboko yiwe abiri incuro zitu (X3), kuva kudasunwa tw'intoke gushika ku nkokora. Atangurira ku kuboko k'ukuryo hama ukubamfu;
6. Hama aca ahanagura umutwe wiwe incuro imwe. Arabombeka ibiganza vyawe bibiri hama akabihanagura mu mutwe ahereye imbere gushika inyuma hama akagaruka imbere;
7. Hanyuma aca ahanagura ku matwi yiwe incuro imwe, akinjiza intoke ziwe nkokorinkono (urutoke rukurikira urukumu) mu ntoboro z'amatwi, urukumu narwo akaruhagura hejuru ku matwi;
8. Hama agaca yoza ibirenge vyawe incuro zitu (X3), kuva kudasunwa tw'amano gushika ku maso

y'ikirenge. Atangurira ku kirenge c'ukuryo hama ic'ukubamfu;

9. Hama birabereye ko yoca asaba igisabisho cemewe: ((**Ash-hadu al laa ilaaha illa Allaahu, wa ash-hadu anna Muhammadan 'abduhuu wa rasuuluh**)). Bikomotse kwa 'Umar ibnil Khattwaab (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Nta n'umwe muri mwebwe afata isuku, akarikwiza neza, agaca avuga ati: ash-hadu an laa ilaaha illa Llaahu, wa anna Muhammadan 'abduhu wa rasuuluhu, kiretse ko azokugururirwa imyango y'ijuru uko ari umunani, yinjirire muwo ashatse)) [Yakiriwe na Muslim: 234].



Guhanagura ku mashesheti:

Mu bigaragaza ubugwaneza n'ukoroshya ibintu kw'idini ry'ubwislamu ni ukuba mu mategeko yaryo vyemewe guhanagura ku mashesheti, kandi vyaragaragaye ku Ntumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama). Bikomotse kwa 'Amri ibn Umayyah (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: (Narabonye Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ihanagura ku kiremba ciwe n'amashesheti yiwe) [Yakiriwe na Bukhari: 205]. Bikomotse kandi kwa Mughaira Ibn Shu'bah (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: (Igihe nari kumwe n'Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ijoro rimwe, nabonye yururuka igitwazi ciwe aja kwituma, hama aragaruka, ndamusukira amazi mu combo nari mfise arafata isuku, ahanagura ku mashesheti yiwe (ageze ku birenge)) [Yahurijweko na Bukharin a Muslim: 203,274]. Ariko uko guhanagura ku mashesheti vyemewe mugihe umuntu yayambaye asanzwe afise isuku, bisigura afise udhu.

Mu guhanagura ni ugucisha ikiganza gikanyishije amazi hejuru y'ikirenge kw'ishesheti, akirinda guhanagura musi yaco.

Ikiringo co kwemererwa kuguma uhanagura ku mashesheti (utarasubira kuyakura) ni umurango umwe n'ijoro ryawo (amasaha 24) ku muntu atari ku rugendo, n'imirango itatu n'amajoro yayo (amasaha

72) ku muntu ari ku rugendo rumwemerera kugabanya isengesho.

Ivyonona isuku ry'uwahanaguye ku mashesheti bigatuma mu gutawaza abanza kuyakura ni: ukurangira kw'ikiringo co kuyahanagurako, canke kuyambura uhejeje kuyahanagurako, canke gushikirwa n'ijanaba bivanye n'uko uwushikiwe n'ijanaba asabwa kwoga umubiri wose.

Ibintu vyonona isuku:

1. Ibisohokera mu nzira zibiri (ubwambure bw'imbere n'ubw'inyuma), navyo harimwo: umwanda muto, umwanda mukuru, guhemera epfo, gusohoka kw'intanga, gusohoka kwa madhiy, na wadiy n'amaraso (y'ubutinyanka n'ikiriri);
2. Ugusinzira itiro;
3. Kurya inyama y'ingamiya;
4. Kuraba no gutakaza ubwenge.

Ukwoga

Ni ugukwiza amazi umubiri wose ku muzirikanyi wo kurondera isuku. Kandi ni ngombwa kugira vyemerwe kwoza umubiri wose harimwo ukwiyugumura no kwinjiza amazi mumazuru no kuyasohoramwo.

Nayo ibintu bituma umuntu ategerezwa kwoga ni ibi bikurikira:

Ica mbere: ugusohoka kw'intanga mu buryo bwo kwirasa bitewe n'ivyipfuzo ku muntu akanura, canke ari mw'itiro muri rusangi haba kuri gitsina gabo canke gitsina gore.

Nayo intanga zisohotse ata vyipfuzo vyabayemwo, nko gusohoka vyatumwe n'ingwara, canke imbeho ikaze, umuntu ntasabwa kwoga. Ni co kimwe n'igihe umuntu yarose arangura amabanga y'abubatse ariko yikanguye ntabone ikimenyetso na kimwe ko zasohotse, ntasabwa kwoga. Ariko yibonyeko intanga, canke ibimenyetso ko zasohotse, ategerezwa kwoga naho atoba yibuka ko yiroteyeko;

Ica kabiri: guhura kw'ibitsina bibiri, bisigura kwinjira kw'igitsina gabo muri gitsina gore naho ata ntanga zosohoka;

Ica gatatu: guhera kw'ikiringo c'ubutinyanka canke ic'ikiriri;

Ica kane: urupfu, bivanye n'uko ari itegeko kwoza uwapfuye;

Ica gatanu: igihe umuhakanyi yinjiye ubwisilamu, asabwa kwoga umubiri wose.

Ibintu uwufise ijanaba abujijwe gukora:

Ijanaba ni ikiringo umugabo n'umugore bajamwo mugihe habaye ukurangura amabanga y'abubatse, canke habaye ugusohoka kw'intanga bitewe

n'ivyipfuzo naho ata mibonano y'ababiranye yoba yabaye, canke gusohoka kw'intanga bitewe n'ukwirotarako. Ibibujijwe k'uwufise ijanaba rero ni ibi bikurikira:

1. Isengesho;
2. Kuzunguruka Al-Ka'bah;
3. Gukora ku musahafu ata gikingirizo, hajamwo kandi no gusoma Qor'ani ku mutima mu kutagaragaza ijwi no kurigaragaza, kuyisoma ku mutwe canke mu musahafu, n'ibindi nk'ivyo;
4. Kuguma mu musigiti. Nayo umuntu kuba yocayo arengana ntaco bitwaye. Birarekuwe kandi kuhaguma mugihe vyihutirwa ariko uwo muntu asabwa kugabanya uburemere bw'iyi janaba mugufata isuku bisanzwe biciye mu gutawaza.

Ukwisukuzwa umusenyi/ivu

(Ugutayamamu):

Biremewe kwisukuzwa umusenyi haba k'uwutari ku rugendo canke k'uwuri ku rugendo. Navyo biza bisubirira ugukoresha amazi mu kwisukura canke ukwoga, mu gihe hoboneka imwe mu mpamvu zikurikira:

1. Mugihe amazi yabuze canke yabonetse ariko akaba adakwiye k'ukwisukura. Imbere ya vyose hasabwa kuba hakozwe akigoro ko kuyarondera, atabonetse umuntu agaca yisukuzwa umusenyi/ivu.

- Canke wanashima amazi ashobora kuba ari hafi yiwe ariko akaba atinyirira ingaruka mbi kuri we canke amatungo yiwe mugihe yoja kuyarondera;
2. Mu gihe bimwe mu bihimba bisabwa gucishako amazi biriko ibikomere, avyoza n'amazi mugihe ataco vyokonona. Bibaye naho vyomutera ingorane, aba buhanagureko mu gukanyisha ikiganza ciwe hama akagicishako. Mugihe n'uko guhanagurako navyo nyene vyomutera ingorane, aca asabwa kwoza ibindi bihimba hama ico gifise ibikomere akagisukuka umusenyi/ivu;
 3. Mu gihe amazi canke ikirere bikanye cane hama agatinya ingaruka mbi zavyo abaye yokoresha amazi;
 4. Mu gihe yoronka amazi ariko akaba akeneye kuyanywa canke kuyatekesha, mw'ico gihe aca yisukuka umusenyi/ivu.

Nayo uburyo bwo kwisukuka umusenyi/ivu (gutayamamu), ni ugushiraho umuzirikanyi kumutima wiwe, hama umuntu agakubita ibiganza vyiwe bibiri hasi incuro imwe (X1), hama agaca abihanaguza mu maso hiwe, hama agahanaguza ikiganza ciwe c'ukubamfu kukiganza c'ukuryo, ikiganza c'ukuryo na co akagihanaguza kuc'ukubamfu.

Ivyonona isuku ry'uwisukuje umusenyi/ivu ni nka birya nyene vyonona isuku ry'uwakoresheje amazi,

ariko ryoryo rirononwa kandi no kuboneka kw'amazi yari yabuze hama akaboneka imbere yo gusenga canke akiriko arasenga. Nayo ayo mazi agiye kuboneka umuntu yamaze guheza gusenga, isengesho ryiwe riremewe kandi ntasabwa kurisubiramwo.

Ubutinyanka n'ikiriri:

Ubutinyanka: ni amaraso asohoka mu gihe c'amagara meza, aya hepfo mu gitereko c'umukenyenzi adatewe n'ukwibaruka canke ingwara, agasohoka mu biringo runaka. Irangi ryayo rikunze kuba ryarabura, akaba afise akamuto kabi.

Ikiriri: ni amaraso asohoka mu gitereko c'umukenyenzi bivanye n'ukwibaruka. Nti vyemewe ku mukenyenzi ari mu butinyanka canke mu kiriri ko yosenga canke yokwisonzesha ari muri ivyo biringo. Navyo bivana n'inyigisho yashikirijwe na 'Aisha (Imana Allah Imwumvire) aho yavuze ati: Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Igihe uzoba mu kiringo c'ubutinyanka uze uhagarike gusenga. Ico kiringo giheze, uze wiyuhagire hama usenge)) [Yahuriyweko na Bukharin a Muslim: 331, 333].

Ikindi n'uko uyo mukenyenzi adasabwa kuriha amasengesho atasenze. Ariko imisi atisonzesheje yoyo arayirika. Uwuri mu butinyanka kandi ntiyemerewe kuzunguruka Al-Ka'bah. Kirazira kandi

ko umugabo arangura amabanga y'abubatse n'umugore wiwe mu gihe ari mu butinyanka, ariko aremerewe ko amwinezerezako bataranguye amabanga y'abubatse nyezina. Ni nako kandi uwuri mu butinyanka atemerewe gukora ku musahafu.

Uwuri mu butinyanka aronka isuku igihe amaraso ahagaze kumusohokamwo. Aca ategerezwa kwoga, hama akarekurirwa birya vyose yari abujijwe. Igihe umukenyezi agiye mu butinyanka canke mu kiriri umwanya w'isengesho kanaka wari wageze ataribwo arisenge, ivyemewe n'uko iryo sengesho azoririha igihe azoronka isuku. Ikindi kandi n'uko umukenyezi aronse isuku imbere y'uko umwanya w'isengesho rigezweho uhera ku rugero rwo gushobora gusenga iraka imwe, aca ategerezwa kuriha iryo sengesho, agaca asabwa gusengana n'isengesho ry'imbere yaryo bishobora gufatana. Nk'akarorerero aronse isuku imbere y'uko izuba rirenga, ategerezwa gusenga isengesho rya 'Asri agaca asabwa kurihana n'irya Dhuhri. Abaye naho yoronka isuku imbere ya sasita y'ijoro, ategerezwa gusenga isengesho rya 'Ishaa-I agaca asabwa kurihana n'irya Magharib.

AMATEGEKO AJANYE N'ISENGESHO

أحكام الصلاة

Isengesho ni inkingi ya kabiri mu nkingi z'ubwislamu. Naryo ni itegeko kuri buri mwislamu ageze mu bigero kandi afise ubwenge bukwiye. Ukugera mu bigero navyo birangwa n'ugukwiza imyaka cumi n'itanu (15), canke kumera ubwoya bwo kubwambure, canke gutangura gusohoka kw'intanga bivyanye n'ukwiroterako canke izindi mpamvu. Ku mukobwa nawe hiyongerako ugutangura kuja mubutinyanka. Igihe cose umuntu ashikiwe na kimwe muri ivyo bintu, aba ageze mu bigero.

Uwankiriza ko isengesho ari itegeko bimukura mu bwislamu nk'uko abamenyi babihurijeko. Nayo uwuzoreka kurisenga ku kurifata minenerwe canke ku kunebwa, n'uko abasangirangendo bahuriye ku kuba abaye umuhakanyi. Naryo nico cambere umuntu azoharurirwa ku musi w'umuhero. Imana Allah Nyen'Ubweranda yagize iti: ((Mu vy'ukuri, isengesho ku bemeramana ryamye ritegetswe gusengwa ku mwanya ryagenewe)) [An-Nissa-i: 103] No mu nyigisho dushikirizwa na Ibn 'Umar (Imana Allah Imwumvire), vy'ukuri Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((bwislamu

bwubatswe ku ngingi zitanu: ugushingira intahe ko ata yindi mana ikwiye gusengwa vy'ukuri kiretse Imana Allah n'uko Muhammad ari Intumwa ya Allah, uguhozako gusenga amasengesho, ugutanga ishikanwa-bwirizwa, ukugendera ingoro nyeranda, n'ukwisonzesha mu kwezi kw'Iramadhani)) [Yahurijweko na Bukharin a Muslim: 8,16]

Bikomotse kandi kwa Jabir Ibn Abdillahi (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Narumvise Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ivuga iti: ((Mu vy'ukuri igitandukanya umuntu hagati ya we n'ibangikanyamana n'ubuhakanyi, ni ukureka isengesho)) [Yakiriwe na Muslim: 82]

Ni nako kandi mu kwitwararika kurangura isengesho harimwo ivyiza vyinshi bihambaye. Muri vyo, ni ivyakiriwe na Abu Huryarah (Imana Allah Imwumvire) aho yavuze ati: Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Urya wese azofatira isuku muhira iwe hama akagenda muri imwe mu ngoro za Allah, kugira ishire mu ngiro rimwe mumategeko ya Allah, intambwe zose azotera imwe izomutuma afutirwa ivyaha iyindi nayo itume aduzwa idaraja)) [Yakiriwe na Muslim: 666].

Bikomotse iwe kandi (Imana Allah Imwumvire), ngo Intumwa ya Allah (swallallahu'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Ubwo sinobagenekereza ikintu gituma Allah Afuta ivyaha akanaduza idaraja)))? Bishura bati: Ego cane ewe Ntumwa ya Allah. Aca abamenyesha

ati: ((Ni ugukwiza neza isuku no kurenza n'aho vyoba bigoye, no gutera intambwe nyinshi uja mu misigiti, no kurindira isengesho inyuma y'irindi kubera ko ako ari akigoro kadasanzwe)) [Yakiriwe na Muslim: 251] Bikomotse kuri we kandi (Imana Allah Imwumvire), Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Urya wese azoja mu musigiti mu gitondo canke ku mugoroba, Allah Azomutegurira ikibanza mw'Ijuru igihe cose azozindukirayo canke akajayo ku mugoroba)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 662,669]

Mu bintu bihambaye bijanye n'isengesho ni ibi bikurikira:

1. Ni itegeko gusenga isengesho rusangi mu musigiti ku bagabo, tubisanga munyigisho ivuga iti: ((Nari nipfuye gutanga itegeko batanguze isengesho, hama nce ngenda mu ngo z'abantu bataza gusengara hamwe natwe ndabaturirireko amazu yabo)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 242,651];
2. Bisabwa ko umwislamu agenda ku musigiti hakiri kare mw'ituze n'ubwitonzi;
3. Birabereye ko uwinjiye mu musigiti atanguza ukuguru kwiwe kw'ukuryo, hama agasaba igisabisho cakiriwe: ((**Allahumma ef-tah-lii ab-waaba rahmatik**)) [Yakiriwe na Muslim: 1652];

4. Birabereye ko abanza gusenga iraka zibiri zo kuramutsa umusigiti imbere y'uko yicara, bivanye n'inyigisho ya Abii Qataadah (Imana Allah Imwumvire), vy'ukuri Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti : ((Igihe umwe muri mwebwe azokwinjira mu musigiti aze abanze asenge iraka zibiri imbere y'uko yicara)) [Yahuriyweko na Bukhari na Muslim: 444,714];
5. Ni ngombwa guhisha ubwambure mugihe co gusenga, hama ubwambure bw'umugabo ni kuva ku mukondo gushika ku mavi, umukenyezi nawe umubiri wiwe wose ni ubwambure kiretse mu maso hiwe mugihe ariko arasenga;
6. Ni itegeko kuraba Qibla, ni n'itegeko ku kwemerwa kw'isengesho, kiretse mu biringo bibiri:
 - Ica mbere: mugihe hari inzitizi zitewe n'ingwara n'ibisa n'ivyo;
 - Ica kabiri: igihe umuntu ari ku rugendo ari munzira agenda. Ibi vyihariye mu masengesho y'inyongera atari ay'itegeko;
7. Ni itegeko kandi kurangura isengesho mu mwanya waryo ryagenewe, bivanye n'uko isengesho ritemerwa mu gihe ryasenzwe umwanya waryo utaragera, kikaba kinazira kurenza umwanya waryo;
8. Kugenda kare gusenga no kwitwararika gusengera ku murongo wa mbere, no kurindira isengesho kubera ivyo birimwo ivyiza bihambaye.

Bikomotse kwa Abii Hurayrah (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Iyaba abantu bazi ivyiza biri mu muhamagaro w'isengesho no gusengera ku murongo wa mbere, hama bikaba bitokunda ko babishikako kiretse biciye mu matora, bokoze ayo matora. Iyaba kandi bazi ivyiza biri mu kuzinduka gusenga, bobihurumbiye ...)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim: 615, 437].

Bikomotse kuri we kandi (Imana Allah Imwumvire), Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Umwe muri mwebwe azoguma aharurwa ko ari mw'isengesho igihe cose ariryo rimurindirije)) [Yakiriwe na Bukhari na Muslim: 659, 649]

Imyanya y'isengesho:

- Umwanya w'isengesho rya Dhuhri utangura igihe izuba rirenze hagati (ryerekeza mu burengero), gushika igitutu c'ikintu binganije uburebure;
- Umwanya w'isengesho rya 'Asri utangura igihe igitutu c'ikintu binganije uburebure gushika izuba rirenze;
- Umwanya w'isengesho rya maghrib utangura izuba rirenze gushika ibicu bitukura bizimanganye, uko gutukura gukurikirana n'ukurenga kw'izuba;

- Umwanya w'isengesho rya 'Ishaa-I utangura ibicu bitukura bizimanganye gushika hagati sasita z'ijoro;
- Umwanya w'isengesho rya Al-Fajri ni kuva al-Fajri yinjiye gushika izuba riserutse.

Ibibanza bitabereye gusengeramwo

1. Mu makaburi: bivanye n'imvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama): ((Isi yose ni umusigiti, kiretse mu kazu ka sugumwe no mu makaburi)) [Yakiriwe n'abaImamu batanu, ni inyigisho yemewe]. Nayo isengesho ryo gusengera uwapfuye, biremewe kurikorera (hafi yo) mu makaburi;
2. Gusenga uraba mu makaburi: Bikomotse kwa Abii Mar-thad Al Ghanawiy (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: narumvise Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ivuga iti: ((Nti muze musenge muraba mu makaburi, nti muze munayicareko)) [Yakiriwe na Muslim: 973];
3. Mu ruhongore rw'ingamiya, naco ni ikibanza zibamwo zikanaryamamwo. Ni nako kandi bitemewe gusengera ahantu hari ivyanduye (najsi).

Uburyo bwo gusenga:

Ni ngombwa kugumana umuzirikanyi (iniya) mu gihe co gusenga, nk'uko ari ngombwa mubindi bikorwa yobokamana (ibada) vyose. Hama umuzirikanyi ubera ku mutima, nta kuwatura ku rurimi.

Uburyo bwo gusenga rero ni ubu bukurikira:

1. Uwusenga asabwa kuraba Qibla umubiri wiwe wose ata kuyiha umugongo canke gukebuka;
2. Hama aca agira takbira ya mbere ariyo Takbiiratul Ihraam avuga ati: **(Allahu akbar)** akaduza amaboko yiwe ayatumberanya n'ibitugu vyiwe canke amatwi ariko aravuga iyo takbira;
3. Hama agaca ashira ikiganza ciwe c'ukuryo hejuru y'ic'ukubamfu akabishira vyose ku gikiriza;
4. Hama aca avuga igisabisho co kwugurura isengesho: **((Alhamdu lillahi hamdan kathiiran twayyiban mubaarakan fiih))** [Yakiriwe na Muslim: 600]

Canke: **((Subhaanaka allahumma wa bihamdika, wa tabaarakas-muka, wa ta'aala jadduka wa laa ilaaha ghayruk))** [Yakiriwe na Abuu Daawuud na Tirmidhiy: 775, 242. Albaaniy yavuze ko yemewe]

Umuntu arashobora kuvuga n'ibindi bisabisho vyo kwugurura isengesho. Ni na vyiza ko yoza arahindura, ntagume ku gisabisho kimwe. Ivyo bituma aronka ukwinengesera no kugumiza umutima hamwe;

5. Hama aca yikinga kwa Allah avuga ati: ((**A'uudhu billahi minash-shaytaani rRajiim**)));
6. Hama akavuga ati: ((**Bismillahi rRahmaani rRahiim**)), agaca asoma ikigabane Al-Faatiha

((**Alhamdulillah rRabbil 'aalamiin, Arrahmaani rrahiim, Maaliki yawmi ddiin, Iyyaka na'budu wa iyyaka nasta'in, Ihdina sswiraatwal mustaqiim, Swiraatwa lladhiina an-'amta 'alayhim, Ghayril magh-dhuubi 'alayhim wala ddwaalliin.**)) Aaamiin.;

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ
 الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ٢ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ٣ مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ ٤ إِيَّاكَ نَعْبُدُ
 وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ٥ اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ ٦ صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ
 الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ ٧ (آمين).

7. Hama aca yongerako iyindi mirongo yoba azi yo muri Qor'ani;
8. Hama aca yunama (rukuu'u) adugije amaboko yiwe atumberanije ibiganza n'ibitugu vyiwe, akavuga ati: (**Allahu akbar**). Ari muri rukuu'u ashira ibiganza vyiwe kumavi yiwe, intoke zitandukanije. Ari muri rukuu'u aninahaza Allah avuga ati: (**Subhaana rabbiyal 'adhwiiim**). Vyiza ayo majambo ayavuga incuro zitatu (X3), biremewe no kurenza izo ncuro. No kuyavuga incuro imwe biremewe;

9. Hama aca yunamura umutwe wiwe avuga ati: **(Sami'allaahu liman hamidah)**, ayo majambo avugwa na Imamu ariko arasengeshwa abandi hamwe n'uwuba ariko arisengana. Ariko arunamuka araduza ibiganza vyawe abitumberanije n'ibitugu. Uwuriko arasengeshwa na Imamu co kimwe n'uwisengeshwa baca bavuga: **(Rabbanaa wa lakal hamd)** inyuma ya Sami'allaahu liman hamidah. Hama agaca ashira ikiganza ciwe c'ukuryo hejuru y'ic'ukubamfu vyose biryamitse ku gikiriza ciwe;
10. Agaca avuga agihagaze ati: **((Allahumma rabbanaa lakal hamdu, mil-as samaawaati wa mil-al ardi wa mil-a ma baynahumaa, wa mil-a maa shi-ita min shay-in ba'd))** [Yakiriwe na Muslim: 771]
11. Hama aca yubama (sijda) ubwa mbere, agaca avuga ariko araja muri iyo sijda yiwe ati: **(Allahu akbar)**, hama agakoza hasi ibihimba indwi (7) ari vyo: uruhanga hamwe n'agasunwa k'izuru, ibiganza bibiri, amavi abiri hamwe n'udusunwa tw'amano y'ibirenge vyawe bibiri. Agaca avuga ari muri sijda: **(Subhaana rabbiyal a'laa)**. Vyiza ayo majambo ayavugaga incuro zitatu (X3), biremewe no kurenza izo ncuro. No kuyavugaga incuro imwe biremewe. Biranabereye kandi kugwiza ibisabisho (iduwa) muri sijda bivanye n'uko ari mubihe bibereye vyo kwemererwa ibisabisho.

12. Hama aca avyura umutwe wiwe ava muri sijda avuga ati: (**Allahu akbar**), hama agaca yicara hagati ya sijda zibiri, akicarira ku kirenge c'ukubamfu kiryamitse, ic'ukuryo naco gihagaritse. Ikiganza c'ukuryo agishira kw'itako ry'ukuryo hafi y'ivi, ikiganza c'ukubamfu naco akagishira kw'itako ry'ukubamfu hafi y'ivi, intoke z'ibiganza ziba zigoroye. Acicaye avuga ati: (**Rabbigh-fir-lii, Rabbigh-fir-lii**);
13. Hama aca asubira kwubama (sijda) ubwa kabiri, agakora nk'ivyo yakoze muri sijda ya mbere;
14. Hama aca ava muri sijda ya kabiri avuga ati : (**Allahu akbar**) agahagarara agororotse;
15. Aca asenga iraka ya kabiri nk'uko yasenze iya mbere haba muvuyo bakoramwo n'ivyo bavugamwo, kiretse ko adasubiramwo kuvuga igisabisho co kwugurura isengesho, ntanasubiramwo kwikinga kwa Allah. Inyuma ya sijda ya kabiri y'iyoye raka ya kabiri, aca yicara nka kurya yicaye hagati ya sijda zibiri kiretse ko hoho aca apfunga intoke z'ikiganza c'ukuryo, urukumu akaruryamika kurwo hagati (nsumbazose), akagorora urukurikira urukumu (nkokorinkono). Aca asoma tashahhud ya mbere mw'ico cicaro.
- Iyo Tashahhud ya mbere ni iyi ikurikira:
(**Attahiyyaatu lillahi, was-salawaatu wat-twayyibaatu, assalaamu 'alayka ayyuhan-nabiyyu wa rahmatullahi wa barakaatuh.**)

Assalamu 'alaynaa wa 'alaa 'ibaadillahis-saalihiin. Ash-hadu allaa ilaaha illa Llaah, wa ash-hadu anna Muhammadan 'abduhuu wa rasuuluh) [Yakiriwe na Bukhari: 831]. Hariho n'ubundi buryo yakiriwemwo butari ubwo.

Hama aca asubira guhaguruka mu gihe ariko asenga isengesho ry'iraka zitatu nka Maghrib, canke iry'iraka zine nka Dhuhri, canke 'Asri, canke 'Ishaa-i. ahaguruka avuga ati: **(Allahu akbar)** adugije amaboko ayatumberanya n'ibitugu vyiwe. Hama agaca asenga iraka zisigaye z'isengesho ryiwe nka kurya yasenze iraka zibiri za mbere, kiretse ko hoho asoma Suuratul Faatihah yonyene ahagaze.

Ahejeje sijda ya kabiri mw'iraka ya nyuma, aca yicara agasoma Tashahhud ya mbere n'iya kabiri yitwa Swalaatu Ibraahimiyah uku gukurikira:


((Attahiyyaatu lillahi, was-salawaatu wat-twayyibaatu, assalaamu 'alayka ayyuhan-nabiyyu wa rahmatullahi wa barakaatuh. Assalamu 'alaynaa wa 'alaa 'ibaadillahis-saalihiin. Ash-hadu allaa ilaaha illa Llaah, wa ash-hadu anna Muhammadan 'abduhuu wa rasuuluh.

Allahumma salli 'alaa Muhammadin wa 'alaa aali Muhammadin kamaa sallay-ta 'alaa Ibraahiima wa 'alaa aali Ibraahiima, innaka hamiidun majiid. Allahumma baarik 'alaa Muhammadin wa 'alaa aali Muhammadin kamaa baarak-ta

'alaa Ibraahiima wa 'alaa aali Ibraahiima, innaka hamiidun majiid)).

Inyuma y'aho aca asaba ibisabisho ashaka, kandi akarushirizaho atibagiye igisabisho cakiriwe, arico: **((Allahumma innii a'uudhu bika min 'adhaabil qabri, wa min 'adhaabin naari, wa min fitnatil mahyaa wal mamaati, wa min fitnati masiihid-dajjal)).**

16. Hama aca atanga isalamu agahindukira iburyo avuga ati: **(Assalaamu 'alaykum wa rahmatullah)**, hama ibubamfu gutyo nyene;
17. Birabereye kuri Tashahhud ya nyuma ku masengesho ya Dhuhri, na 'Asri, na Maghrib na 'Ishaa-i ko uwusenga yokwicarira kw'itako ry'ukubamfu, agahagarika ikirenge c'ukuryo, ukuguru kw'ukubamfu nako akagufyutsa musu y'itako ry'ukuryo, igisusu kiri hasi. Ibiganza vyiwe navyo abishira nk'aho yabishize muri Tashahhud ya mbere.



Ukuninahaza Allah inyuma y'isengesho:

(Astagh-firullah, Astagh-firullah, Astagh-firullah.
Allahumma an-tas-salaamu wa min-kas-salaam,
tabaarakta yaa dhal jalaali wal ikraam) [Yakiriwe na
Muslim: 591]

((Laa ilaaha illa Llahu wah-dahuu laa shariika lahu,
lahul mulku wa lahul hamdu, wa huwa 'alaa kulli
shay-in qadiir.

Allahumma laa maani'a lima a'tay-ta wa laa mu'tiya
lima mana'ta, wa laa yan-fa'u dhal jaddi min-kal
jadd)) [yahurijweko na Bukhari na Muslim: 844, 593]

((Laa ilaaha illa Llahu wah-dahuu laa shariika lahu,
lahul mulku wa lahul hamdu, wa huwa 'alaa kulli
shay-in qadiir. Laa hawla wa laa quwwata illaa
billaahi. Laa ilaaha illa Llaahu, wa laa na'budu illa
iyyaahu, lahun-ni'mah wa lahul fadw-lu, wa lahut-
thanaa-ul hasanu, laa ilaaha illa Llaahu mukhlisiina
lahu d-diina wa law karihal kaafiruun)) [Yakiriwe na
Muslim: 594]

Inyuma y'ayo majambo aca yongerako ati:

((**Subhaanallah** Incuro (X33), (**Alhamdulillah**
Incuro (X33), (**Allahu akbar** Incuro (X33))). Hama
agakwiza ijana mu kuvuga ati: ((**Laa ilaaha illa
Llahu wahdhuu laa shariika lahu, lahul mulku**

wa lahul hamdu, wa huwa 'alaa kulli shay-in qadiir)). [Yakiriwe na Muslim: 597]

Aca asoma Ayatul kursiyyu, na Qul huwallahu ahad, na Qul a'uudhu birabbil falaq, na Qul a'uudhu birabbi n-naas, ivyo abikora inyuma ya buri sengesho. Birabereye gusubiramwo ivyo bigabane incuro zitatu zitatu inyuma y'isengesho rya Al-Fajri na Maghrib.

Uwacerewe kw'isengesho:

Ni urya yasizwe n'ikintu kanaka mw'isengesho, yaba iraka imwe canke izirenga, agaca asabwa kuriha ivyamusize inyuma y'uko Imamu atanze isalamu ya kabiri yo guheza isengesho. Isengesho ry'uwacerewe ritangurira kw'iraka yasanze Imamu agezeke. Kugira yitwe ko yasenganye iraka na Imamu n'uko yamusanga ageze muri rukuu'u akunama agasanga Imamu akiriyo. Nayo bidakunze ko asenga iraka na Imamu n'imiburiburi muri ubwo buryo, iyo raka iba yamusize yose.

Uwacerewe yinjiye mu musigiti asabwa kwinjira mw'isengesho rusangi agahamvya abandi aho bageze hose, baba bahagaze, canke bunamye muri rukuu'u, canke bubamye muri sijda, n'ibindi. Nti bikwiye ko abarindira bahaguruke kw'iraka ikurikira. Imbere y'uko abahamvya aho bageze, abanza kugira takbiratul ihram ahagaze neza, kiretse k'uwu bitokundira nk'uwugwaye.

Ibintu vyonona isengesho:

1. Ukuvuga amajambo atajanye n'isengesho n'ibigira nkana, naho yoba ari make;
2. Ukudatumbera Qibla mu guhindukira wese;
3. Ugushikirwa na kimwe muvyonona isuku;
4. Ukwinyagaza birenze kandi urutavanako bidakenewe;
5. Ugutwenga, naho koba gato;
6. Ukurenza n'ibigirankana rukuu'u, canke sijda, canke uguhagarara, canke ukwicara;
7. Gutanga Imamu kuja mugice gikurikira mw'isengesho.

Ibintu vya ngombwa mw'isengesho (waajibaatu):

1. Izindi takbiira zose ukuyemwo takbiiratul ihram (takbira ya mbere) ;
2. Kuvuga: (**Subhaana rabbiyal 'adhwiim**) incuro imwe muri rukuu'u;
3. Kuvuga: (**Sami'allahu liman hamidah**) k'uwisengena na Imamu asengesho abandi igihe co kuva muri rukuu'u;
4. Kuvuga: (**Rabbanaa wa lakal hamdu**) inyuma yo kunamuka uva muri rukuu'u;
5. Kuvuga: (**Subhaana rabbiyal a'laa**) incuro imwe muri sijda;
6. Kuvuga: (**Rabbigh-fir-iii**) hagati ya sijda zibiri;

7. Tashahhud ya mbere;
8. Kwicarira iyo tashahhud ya mbere.

Inkingi z'isengesho:

1. Uguhagarara k'uwubishoboye mu masengesho y'itegeko. Nayo mu masengesho y'inyongera, uguhagarara si itegeko, gusa isengesho ry'uwicaye impera zaryo ni inusu y'uwasenze ahagaze;
2. Takbiiratul ihram (takbiira ya mbere);
3. Gusoma Suratul Faatihah muri buri raka;
4. Ukunama (rukuu'u) muri buri raka;
5. Ukunamuka uva muri rukuu'u ugahagarara;
6. Ukwubama (sijda) ku bihimba indwi (7) incuro zibiri muri buri raka;
7. Ukwicara hagati ya sijda zibiri;
8. Kurangwa n'ituze muri ivyo bikorwa vyose tuvuze;
9. Tashahhud ya nyuma;
10. Ukwicarira iyo tashahhud ya nyuma;
11. Ugusabira intumwa;
12. Ugutanga isalamu;
13. Ugukurikiranya izo nkingi.

Ukwibagira mw'isengesho:

Ukwibagira ni ukutibuka. Uwusenga bishitse akibagira mw'isengesho ryiwe, agasanga yarengeje muri iryo sengesho, canke yagabanije, canke agashikirwa n'amakenga ku kurenza canke

kugabanya, asabwa gukora sijdatu sahwi (sijda yo kwibagira).

Bishitse akarenza ikintu mw'isengesho ryiwe bitumwe n'ukwibagira, nko kurenza ibihagararo, canke ivyunamo, canke ivyicarwo, n'ibisa n'ivyo, aca asabwa kwubama sijda zibiri zo kwibagira inyuma yo gutanga isalamu.

Mu gihe naho yagabanije mw'isengesho ryiwe bivuye ku kwibagira, agasanga hari ico yaretse mubijanye n'isengesho vyo mubikorwa n'amajambo, ico yaretse kibaye ari inkingi akacibuka imbere y'uko atangura gusoma mw'iraka ikurikira, aca asubira kuri iyo nkingi akayikora n'ibiyikurikira, hama akaza gukora sijdatu sahwi. Acibutse naho inyuma yo gutangura gusoma mw'iraka ikurikira, iraka yaretsemwo gukora inkingi yayo iba yononekaye, iraka iyikurikira niyo ica iyisubirira.

Abaye naho atibutse inkingi yaretse kiretse inyuma y'isalamu, habaye hataraca umwanya muremure, aca asenga iraka ikwiye akarenzako sijda yo kwibagira. Habaye naho hari haciye umwanya muremure, canke agatakaza isuku, asabwa gusubiramwo isengesho ryose bushasha.

Abaye yibagiye igitegetswe (waajib), nk'akarorero ukwicarira tashahhud ya mbere, canke ikindi mubitegetswe vy'isengesho, asabwa kugira sijdatu sahwi imbere yo gutanga isalamu.

Nayo mu bijanye no kugira amakenga, agize amakenga ku gitigiri c'iraka amaze gusenga, akadidanirwa atazi neza ko yasenze zibiri canke zitatu, aca afatira ku gitigiri gito kuko aba arico cizewe kuri we, agaca agira sijdatu sahwi imbere yo gutanga isalamu. Agize amakenga kukureka inkingi, aca akora nk'uko nyene yayibagiye. Arayisubiramwo n'ibiyikwirikira, hama akarenzako sijdatu sahwi.

Abaye naho hari ico yizeye cane ko coba cabaye, hama amakenga akavaho, afatira kuri ico yizeye cane hama akaza gukora sijda yo kwibagira.

Amasengesho y'inyongera yiheka kuy'itegeko:

Birabereye kuri buri mwislamu na buri mwislamukazi kwitwararika gusenga iraka cumi na zibiri z'inyongera murihe atari ku rugendo. Nazo ni:

- Iraka zine (4) imbere y'isengesho rya Dhuhri;
- Iraka zibiri (2) inyuma y'isengesho rya Dhuhri;
- Iraka zibiri (2) inyuma y'isengesho rya Maghrib;
- Iraka zibiri (2) inyuma y'isengesho rya Ishaa-I;
- Iraka zibiri (2) imbere y'isengesho rya Al-Fajri.

Bikomotse kwa Umami Habiibah (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Narumvise Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ivuga iti: ((Nta mushumba w'umwislamu azosenga buri musi iraka

cumi na zibiri z'inyongera kubwa Allah, kiretse ko Allah azomwubakira ingoro mw'Ijuru, canke yavuze ati: kiretse ko azokwubakirwa ingoro mw'Ijuru)) [Yakiriwe na muslim: 728]

Ikibereye muri ayo masengesho y'inyongera n'ayandi yokora ku bushake bwiwe, n'uko umwislamu yoyasengera i muhira iwe. Bikomotse kwa Jabir (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati: Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti: ((Umwe muri mwebwe niyo yaheza gusengera mu musigiti, aze yibuke umugabane w'umuhana wiwe mu masengesho yiwe. Mu vy'ukuri Allah azozana ivyiza mu nzu yiwe bivanye n'iryo sengesho)) [Yakiriwe na Muslim: 778].

Ni nk'uko vyakiriwe mu nyigisho yahurijweko na Bukhari na Muslim, ishikirizwa na Zayd ibn Thaabit (Imana Allah Imwumvire) nk'uko vyavuzwe n'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama): ((... mu vy'ukuri amasengesho abereye ku mugabo ni aya asengera muhira iwe kiretse amasengesho y'itegeko)) [Yahurijweko na Bukharin a Muslim: 6113, 781]

Isengesho rya Witri:

Birabereye ku mwislamu gusenga isengesho rya Witri, nayo ni sunna yashimangiweko. Umwanya waryo ni inyuma y'isengesho rya Ishaa-i gushika Al-Fajri yinjiye. Umwanya wayo mwiza ni mw'ijoro rya nyuma k'uwuzoshobora kuvyuka. Ni mu bwoko bw'amasengesho ya sunna Intumwa (Swallallahu

'alayhi wa sallama) itigeze ireka gusenga, ahubwo yararyamizako yaba ari ku rugendo canke atari ku rugendo.

Igitigiri co hasi caryo ni ugusenga iraka imwe (1) gusa. Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama)) yahora asenga mw'ijoro iraka cumi n'imwe (11), nk'uko vyabonetse mu nyigisho dushikirizwa na 'Aisha (Imana Allah Imwumvire) y'uko: ((Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yahora asenga mw'ijoro iraka cumi n'imwe (11), muri zo agahereza kw'iraka imwe ya witri... ihadisi irabandanya)) [Yakiriwe na Muslim: 736].

Nayo amasengesho y'ijoro agizwe n'iraka zibiri zibiri. Bikomotse kwa Ibn 'Umar (Imana Allah Imwumvire), umuntu umwe yarabajije Intumwa ya Allah (Swallallahu 'alayhi wa sallama) kubijanye n'amasengesho yo mw'ijoro, Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ica imwishura iti: ((Amasengesho yo mw'ijoro agizwe n'iraka zibiri zibiri. Umwe muri mwebwe abonye ko bugira buce, aze asenge iraka imwe igire igiharwe izo amaze gusenga zose)) [Yakiriwe na Muslim: 749]

Birabereye kandi ko rimwe rimwe yosaba Qunuut avuye muri rukuu'u y'iraka ya witri, bikomotse ku nyigisho ya Hassan ibn 'Ally (Imana Allah Imwumvire) aho Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yamwigisha amajambo yoza aravuga mw'iduwa ya witri ariko ntaze ahozeke ayavuga,

bivanye n'uko benshi mubayaze uko isengesho ry'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ryari rimeze, ntibigeze bavugamwo ko yasavye igisabisho ca Qunuut.

Ni nako kandi bibereye ko uwo isengesho ryo mw'ijoro ryacitse aryishura ku murango, agasenga iraka zigaburika na kabiri, agasenga iraka zibiri (2), canke zine (4), canke zitandatu (6), canke umunani (8), canke cumi (10), canke cumi na zibiri (12), nk'uko Intumwa (swallallahu 'alayhi wa sallama) yabikoze.

Iraka zibiri za Al-Fajri:

Mu masengesho y'inyongera yiheka kuy'itegeko Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yamizako, ntiyigere ayareka yaba ariku rugendo canke atari ku rugendo, ni sunna ya Al-Fajri. Bikomotse kwa 'Aisha (Imana Allah Imwumvire) : ((Mu vy 'ukuri Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) ntakintu yitwararika birengeye urugero mu masengesho y'inyongera nk'iraka zibiri z'imbere y'isengesho ryo mugaturuturu)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim : 1163, 724]. Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yararyiganye avuga ati : ((Izo raka zibiri zirakunzwe kuri jewe kuruta isi yose)) [Yakiriwe na Muslim : 725] Birabereye ko umuntu asoma mw'iraka ya mbere : ((Qul yaa ayyuhal kaafiruuna)), mw'iraka ya kabiri na ho agasoma : ((Qul huwallahu ahad)).

Rimwe na rimwe yosoma mw'iraka ya mbere : ((Qaaluu aamannaa billahi wa maa un-zila ilaynaa... gushika mu mpera za Aayah)) [Al Baqarah: 136], mw'iraka ya kabiri naho agasoma : ((Qul yaa ah-lal kitaabi ta'aalaw ilaa kalimatin sawaa-in bay-nanaa wa bay-nakum... gushika mu mpera za Aayah)) [Aal 'Imraan : 64]

Birabereye kandi kuzigira ngufi nk'uko Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yabikora. Biremewe kandi k'uwu bitakundiye kurisenga imbere y'isengesho rya Al-Fajri ko yoryishura inyuma y'iryo rya Al-Fajri. Ariko vyiza n'uko yoririha izuba rimaze guseruka rikaduga nk'ububure bw'icumu uva aho riserukira gushika imbere y'umwanya ubujijwe gusenga, nawo ni imbere y'uko rigera hagati na hagati.

Isengesho rya Dwuhaa :

Ni isengesho ry'abantu begereye Allah, ni na sunna yashimangiweko. Haraje inyigisho nyinshi zo kurihimiriza. Bikomotse kwa Abuu Dharrin (Imana Allah Imwumvire), bivuye ku Ntumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) yavuze iti : ((Ni mpaka buri ngingo y'umubiri w'umwe muri mwebwe ayitangire isadaka, kuri buri **Subhaanallah** avuga ni isadaka, no kuri buri **Alhamdulillah** avuga ni isadaka, no kuri buri **Laa ilaaha illa Allah** avuga ni isadaka, no kuri buri **Allahu akbar** avuga niisadaka, no kubuza ibibi

ni isadaka, hama ivyo vyose bishobora gusubirirwa n'iraka zibiri yosenga mu mwanya wa Dwuhaa)) [Yakiriwe na Muslim : 720]

Bikomotse kandi kwa Abuu Hurayrah (Imana Allah Imwumvire) yavuze ati : ((Umukunzi wanje yampanuye ibintu bitatu (3), ntazokwirega ndeka gukora gushika mpuye : ukwisonzeshya imisi itatu ya buri kwezi, n'isengesho rya Dwuhaa, n'ukuryama nasenze witri)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim : 1178, 721]

Umwanya mwiza wo kurisenga ni ku murango izuba rimaze gukara. Uwo mwanya uhera izuba rigira rirenge hagati. Igitigiri co hasi c'iraka zaryo ni iraka zibiri (2), nta gitigiri co hejuru canyuma kibaho.

Imyanya kibujijwe gusenga :

Hariho imyanya bitemewe gusengamwo, nayo ni :

1. Inyuma y'isengesho rya Al-Fajri gushika izuba riserutse rikaduga gushika ku burebure bw'icumu uvuye aho riserukira ;
2. Izuba rigeze hagati na hagati mu kirere c'ijuru gushika rihengamye rija mu burengero ;
3. Kuva inyuma y'isengesho rya 'Asri gushika izuba rirenze.

Ariko biremewe ko mw'iyi myanya ibujijwe umuntu asenga amwe mu masengesho. Nk'akarorero : amasengesho afise impamvu, nka rirya ryo kuramutsa umusigiti, no gusengera uwapfuye,

isengesho ry'ubwirakabiri, iraka zibiri zo guheza kuzunguruka al-Ka'bah, iraka zibiri zo guheza gutawaza, n'izindi nk'izo.

Ni co kimwe no kuriha amasengesho y'itegeko yacitse umuntu, bivuye ku mvugo y'Intumwa (Swallallahu 'alayhi wa sallama) : ((Uwuzokwibagira isengesho kanaka, canke agatwarwa n'itiro atarisenze, indishi yaryo n'uko yorisenga igihe aryibukiye)) [Yahurijweko na Bukhari na Muslim : 597, 684]. Ni co kimwe no kuriha sunna ya Al-Fajri, ni ko kandi vyemewe kuriha sunna ya Dhuhri inyuma ya 'Asri kuwo zacitse ntazisenge mu mwanya wazo.